

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan maca mangrupa salah sahiji aspék tina kaparigelan makéna basa. Gunana pikeun narima informasi tinulis. Hal ieu téh luyu jeung pamadegan Hudson dina Tarigan (1987: 7) nu nétélakeun yén maca téh nya éta hiji proses nu dipilampah sarta digunakeun ku nu maca pikeun narima informasi nu ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan media tinulis.

Hiji kanyataan anu henteu bisa ditolak yén kagiatan maca dina mangsa kiwari geus jadi kabutuhan manusa pikeun nambahan pangaweruh, ngalegaan ambahan mikir, sarta ngaronjatkeun daya inteléktual. Loba contona dina sajarah kabudayaan bangsa-bangsa di dunya, yén kreativitas maca geus bisa ngajait masarakat tina jurang primitif, statis, jeung tradisional. Salah sahiji conto anu kawentar nya éta bangsa Jepang. Ku sabab masarakatna sadar sarta ngajadikeun kagiatan maca jadi hiji kabutuh anu utama, masarakat Jepang dina kurang ti 25 taun geus mampuh nandingan masarakat Eropa jeung Amerika Serikat. Jadi, tétéla yén maca téh nyicingan kalungguhan anu penting dina kahirupan manusa. Ku jalan maca, manusa bisa ngaronjatkeun kamampuh, pola pikirna, katut karancagéanana kana panéka jaman.

Ciri bangsa anu modéren nya éta kabiasaan maca masarakatna. Beuki loba waktu nu dipaké maca, beuki nanjeur tingkat budaya éta bangsa. Masarakat modéren mah geus sadar kana kaparigelan maca, nepi ka kagiatan maca téh henteu kasengker ku waktu jeung tempat, umpamana di perpustakaan, terminal, beus, stasion keréta api, jeung kagiatan liannna (Nurhadi, 1987:25).

Ari di tatar Sunda kumaha? Naha masarakat Sunda geus nyadiakeun waktu pikeun maca? Naha masarakat Sunda geus macaan buku-buku pinilih? Lamun masarakat Sunda hayang jadi masarakat nu maju, kagiatan maca buku kudu leuwih dihangkeutkeun deui. Eta hal ditandeskeun ku Nurhadi (1987: 15) yén:

“Jika kita tidak mau dikatakan sebagai masarakat yang paling terbelakang maka ada semacam kewajiban atau kebutuhan untuk membaca, dan membaca, dan membaca seri-seri cetak tersebut”.

Kagiatan maca mangrupa salah sahiji kagiatan ngaregepkeun, ogé mangrupa kagiatan komunikasi, ku sabab maca téh teu béda jeung narima informasi tina buku-buku. Kiwari, élmu pangaweruh jeung téknologi gédé pisan pangaruhna kana widang informasi. Sagala informasi bisa nyebar ku cara gampang tur gancang. Hal ieu taya lian dibantuan ku media citak jeung média élektronik.

↳ Tangtu waé geus pada mikanyaho yén maca téh mangrupa jandelana dunya, konci pikeun diajar. Hal eta disababkeun maca miboga kauntungan anu kacida gédéna. Sawatara kauntunganana, nya éta:

- a. bisa nyangkem atawa meunang informasi anu bisa dijadikeun bahan dina nyarita jeung nulis,

- b. bisa leuwih akrab jeung tehnik-tehnik sarta sagala metode anu bisa digunakeun ku para penulis dina maparkeun gagasan, sarta
- c. ku cara maca urang bisa nambahan wawasan atawa élmu pangaweruh, anu asalna teu nyaho jadi nyaho, anu asalna teu bisa jadi bisa.

Nilik kana kapentinganana, kagiatan maca kudu meunang panitén, utamana di lingkungan atikan formal (di sakola-sakola), kagiatan maca tangtu leuwih diutamakan. Parasiswa dipérédih sangkan aktif macaan buku-buku pikeun nyangking sakumna mata pélaajaran.

Dina kanyataanana, diaku atawa henteu, minat maca siswa hususna di nagara urang masih kaitung handap. Hal eta bisa ditingal tina intensitas maca siswa masih keneh kurang. Rata-rata siswa ngalakukeun kagiatan maca dina waktu diajar wungkul, di luar éta sacutik kamungkinan nu sok maca buku lain malah mah aya ogé nu henteu maca saeutik-eutik acan.

Eta bisa disababkeun ku sababaraha faktor, boh sacara pribadi boh sacara umum. Sacara pribadi, biasana aya pakaitna jeung kurangna motivasi dina diri siswana pikeun sadar yén maca téh hiji kagiatan nu penting jeung ngabogaan mangfaat nu gede pisan pikeun kahirupan. Sacara umum, faktor nu mangaruhan pisan nyaéta lingkungan siswa tina kabiasaan atawa budaya maca. Salah sahiji faktor kurangna minat maca siswa disababkeun ku kasalahan metode atawa cara maca nu ku manehna lakukeun ti leutik.

Pikeun ningkatkeun kamampuh maca, diperlukeun hiji kagiatan maca anu terus-terusan. Salian ti ningkatkeun kamampuh maca, hal lain nu kudu diperhatikeun nya éta sikep maca jeung berusaha ningkatkeun sikep positif kana

kagiatan maca. Sikep jeung kabiasaan maca turut mangaruhan kana kamampuh maca. Hal ieu luyu jeung sakumaha nu diébréhkeun ku Harjasujana (1988: 12-13) dkk, nya éta minat maca raket pisan patalina jeung kamampuh maca, numutkeun hasil panalungtikan ngajelaskeun yén kamampuh maca leuwih loba ditangtukeun ku lobana waktu maca tibatan IQ hiji jalma.

Sangkan parasiswa boga karep pikeun maca, aya dua faktor nu kudu meunang paniten nya éta faktor internal jeung faktor éksternal. Faktor internal ngawengku intelegénsi, minat, bakat, motifasi, jeung tujuan maca, sedengkeun faktor éksternal ngawengku téks bacaan, lingkungan atawa kasang tukang sosial ékonomi, kabiasaan, jeung tradisi maca (Harras & Sulistianingsih, 1997: 17-23).

Salah sahiji faktor internal anu gedé pangaruhana kana kagiatan maca nya éta minat. Minat mangrupa salah sahiji pangrojong kagiatan maca anu mangaruhan kana karep, kadaék, sarta paripolah hiji jalma. Lian ti éta, ngabalukarkeun hiji jalma milih sarta mikaresep kana hiji bacaan. Siswa nu boga minat maca tangtu leuwih nyangkem kana topik nu ditepikeun dina éta bacaan tibatan siswa nu teu boga minat maca. Jadi, tétéla yén kagiatan maca téh nyicingan kalungguhan anu leuwih penting dina kahirupan manusia. Ku jalan maca, hiji jalma bisa ngaronjatkeun kamampuhna jeung pola pikirna. Sabab proses maca ngandung proses mikir jeung nginget-ninget. Salian ti kitu, tangtu waé geus pada mikanyaho yén maca téh mangrupa jandélana dunya, konci pikeun diajar. Lian ti faktor maca, faktor minat ogé nyicingan kalungguhan anu kacida pentingna, anu baris mangaruhan sikep hiji jalma, hususna siswa SMP Negeri I Suradé hususna dina bidang maca jeung kamampuh maca.

Siswa SMP Negeri I Suradé diperedih sangkan mampuh aktip diajar mandiri hususna aktip dina kagitan maca, bisa ngagunakeun waktu sarta ngatur waktu pikeun maca buku, ngajembaran pangaweruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh (kualitas) dirina. Kumaha dina kanyataanana? Naha siswa SMP Negeri I Suradé geus bisa ngabagi waktu pikeun kagiatan maca? Upama sok maca, naha geus nyugemakeun kagiatan macana?

Pasualan éta nu ngajadikeun kasang tukang dina ieu panalungtikan. Tujuan nu rék dihontal nya éta hayang ngadéskrripsikeun minat maca para siswa. Dina ieu panalungtikan minat maca anu dimaksud nya éta minat maca siswa SMP Negeri I Suradé.

Hal-hal nu mangaruhan kana hadé goréngna kamampuh maca siswa SMP Négéri I Suradé hususna dina mata pélaajaran Basa Sunda téh nya éta minat jeung kagiatan maca siswana sorangan. Ajén minat jeung kamampuh maca siswa hususna dina pangajaran basa Sunda perlu dironjatkeun. Ku lantaran hal éta, perlu dilaksanakeun panalungtikan sangkan bisa kanyahoan signifikan henteuna minat jeung kamampuh maca siswa dina mata pelajaran basa Sunda. Tina hasil panalungtikan dipiharep bisa meunang gambaran anu leuwih jéntré ngeunaan minat sarta kamampuh maca pikeun ngaronjatkeun jeung mekarkeun kamampuh siswa dina maca.

Ku lantaran hal éta, ieu panalungtikan ngahaja nyungsi pérkara *Korélasi Minat jeung Kamampuh Maca Pamahaman Siswa Kelas VII SMP Négéri I Suradé Taun Ajaran 2007/2008*. Alesan nalungtik ieu perkara nya éta sangkan mikanyaho

positif atawa négatifna minat maca jeung kamampuh maca dina mata pelajaran basa Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, sangkan henteu léga teuing ambahanana, ieu panalungtikan baris diwatesanan kana kumaha minat jeung kamampuh maca pamahaman siswa, jeung kumaha korélasi antara minat jeung kamampuh maca pamahaman siswa kelas VII SMP Negeri I Suradé.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, ieu panalungtikan bakal dirumuskeun jadi sababaraha pertanyaan, sangkan pedaran masalah nyoko kana objék anu rék ditalungtik, nya éta:

- 1) kumaha minat maca siswa kelas VII SMP Negeri I Suradé téh positif atawa négatif?
- 2) kumaha kamampuh maca siswa kelas VII SMP Negeri I Suradé?
- 3) naha aya korelasi anu signifikan antara minat jeung kamampuh maca siswa kelas VII SMP Negeri I Suradé?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Sacara umum, tujuan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta meunang gambaran ngeunaan korelasi minat jeung kamampuh maca siswa kelas VII kana pelajaran basa Sunda.

Sedengkeun sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. minat maca siswa kana pelajaran basa Sunda;
- b. kamampuh maca siswa kana pelajaran basa Sunda;
- c. korelasi anu signifikan antara minat jeung kamampuh maca siswa kelas VII SMP Negeri I Suradé.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat sacara langsung atawa henteu langsung. éta mangpaat téh di antarana:

- a. Tina segi kagunaan praktis
 - a.1 Pikeun nu nalungtik, bisa ngabuktikeun tur boga kacindekan ngeunaan patalina antara minat jeung kamampuh maca. Panalungtikan baris ngalaksanakeun uji coba torojogan langsung ka sakola, népi ka bisa nambahan pangaweruh jeung pangalaman.
 - a.2 Pikeun siswa bisa sadar kana pentingna maca. Bisa paham kana eusi bacaan sangkan bisa ngaronjatkeun kana minat maca, sarta siswa bisa nyangkem naon-naon nu aya dina bacaan anu di baca.

- a.3 Pikeun guru basa Sunda, panalungtikan ieu bisa dijadikeun tatapakan pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina maca.
- b. Tina segi teoritis
 - b.1 panalungtikan ieu ngaguar ngeunaan “Korélasi antara Minat Maca jeung Kamampuh Maca Siswa kelas VII-1 SMPN 1 Surade” miboga harti anu penting pikeun nambahan élmu pangaweruh dina bidang pendidikan. Hasil panalungtikan diharepkeun bakal nambahan informasi nu ngadukung pikeun ngalengkepan mata pelajaran Basa Sunda.
 - b.2 Ku ayana panalungtikan ieu dipiharep bisa aya kontribusi anu nyata pikeun SMP Negeri I Suradé kana ningkatkeun kamampuh maca para siswa, népi ka bisa nimbulkeun kapercayaan masarakat kana éksisténsi lembaga pendidikan éta, sabab geus ngabimbing budak didikna kalayan bener boh binaan méntal, fisik, jeung inteléktual.

1.4 Anggapan Dasar

Anggapan dasar téh mangrupa hal nu jadi dadasar dina panalungtikan. Ieu panalungtikan téh dumasar kana anggapan dasar ieu di handap:

- a. Minat téh salah sahiji faktor anu ngarojong kana kagiatan maca buku pelajaran hususna pelajaran basa Sunda;
- b. Kagiatan maca buku pelajaran hususna bahan kajian dina mata pelajaran basa Sunda;

- c. Kamampuh maca téh bisa diukur ku cara ngagunakeun instrumén tés/kamampuh maca kaasup kana salah sahiji komponén kaparigelan makéna basa, nu mangrupa hiji prosés maca anu dipilampah sangkan bisa ngajelaskeun deui naon-naon anu dibacana; jeung
- d. Dina prosés diajar ngajar, boh dina pangajaran basa Sunda boh pangajaran séjénna, guru jeung murid moal leupas tina kagiatan maca.

1.5 Hipotesis

Hipotesis panalungtikan nya éta jawaban saheulaanan kana masalah panalungtikan anu benema kudu di uji ku cara empiris.

Luyu jeung anggapan dasar, hipotesis ieu panalungtikan nya éta “aya korélasi anu signifikan tur positif antara minat jeung kamampuh maca siswa kelas VII SMP Negeri I Suradé”.

1.6 Wangénan operasional

Sangkan ieu panalungtikan teu nimbulkeun salah tafsir, aya sababaraha istilah dina panalungtikan anu kudu ditérangkeun saperti ieu di handap:

1. *Korélasi* nya éta ayana hubungan hiji variabel jeung variabel séjénna dina kelompok nu sarua anu sipatna bisa positif bisa négatif jeung signifikan atawa henteu.
2. *Minat* nya éta kahayang hiji jalma kana hiji kagiatan atawa objék ku lantaran aya patalina jeung kabutuhan nu ngabalukarkeun résép atawa

hénteu résep kana hiji objek népi ka jadi pangjurung ka individu pikeun muserkeun paniténa kana éta objék.

3. *Kamampuh*. Anu dimaksud kamampuh nya éta kamampuh atawa pangabisa siswa dina maca karya sastra carpon.
4. *Maca nya* éta salah saniji kaparigelan makéna basa anu mangrupa prosés nu dilakukeun ku nu maca pikeun nyangkem ma'na idé, jeung gagasan boh nu kauni boh nu nyamuni dina wacana.
5. *Kamampuh maca nya* éta kaparigelan makéna basa anu bisa diukur boh sacara kuantitatif boh kualitatif maké alat ukur anu tangtu pikeun ngukur hiji perkara.
6. *Carita Pondok*. Anu dimaksud carita pondok nya éta carita prosa fiksi anu wangun caritana pondok (dina hal ieu carita pondok Élodan)
7. *SMPN 1 Surade nya* éta tempat panalungtikan nu ayana di Kacamatan Suradé Kabupaten Sukabumi.

